

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Lokasi jeung Subjek Panalungtikan

3.1.1 Lokasi Panalungtikan

Ieu panalungtikan dilaksanakeun di SMPN 29 Bandung nu alamatna JL.Geger Arum No.11A Telepon. 022-2012579 Bandung 40154.

3.1.2 Subjek Panalungtikan

3.1.2.1 Populasi

Nurutkeun Arikunto (2010:173) populasi nya éta sakabéh subjek panalungtikan anu aya patalina jeung masalah anu baris ditalungtik. Populasi dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh siswa SMPN 29 Bandung, tapi kusabab samporetna waktu, sarta kaayaan siswa, ku kituna nu jadi objek dina panalungtikan ieu di watesanan nya éta ukur kelas VII C.

3.1.2.2 Sampel

Nurutkeun Arikunto (2010:174) sampel téh nya éta sabagian tina populasi anu ditalungtik. Dina ieu panalungtikan nu jadi sampel data nya éta siswa kelas VII C anu jumlah siswana 31 urang.

Tabel 3.1 Jumlah Siswa Kelas VII C

Kelas	Awéwé	Lalaki	Jumlah
VII C	17	14	31

3.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan anu sok dipaké dina hiji panalungtikan diantarana nya éta desain prétés jeung postés. Nurutkeun Campbell jeung Stanley dina Arikunto

(2010:123) ngabagi jenis desain panalungtikan jadi dua nya éta Pre Experimental Design jeung True Experimental. Pre Eksperimental sok disebut oge panalungtikan anu teu sabenerna, anu disebut ku istilah “ Quasi Ekesperimen”.

Metodé panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta quasi eksperimen. Nurutkeun Arikunto (2010 : 123) aya tilu jenis desain panalungtikan dina kategori pre eksperimental desain 1) *One Shot Case Study*, 2) *Pre-Test jeung Post-Test*, 3) *Static Group Comparison*. Dina ieu panalungtikan desain anu digunakeun nya éta *Pretest jeung Posttest* anu bakal digambarkeun dina bagan dihandap :

Tabel 3.2 Bagan Prétést jeung Postést (kuasi eksperimen)

O1	X	O2
----	---	----

O1 : Pre-test

O2 : Post-tes

X : *Treatmen* (nya éta siswa diajar maca dongéng Sasakala Situ Bagendit ngagunakeun Média Komik).

3.3 Méthode Panalungtikan

Dina panalungtikan ilmiah, biasana miboga dadasar métode anu bisa dipertanggungjawabkeun bebeneranna. Panalungtikan ilmiah ogé mangrupa hal anu sistematis, émpiris sarta kritis. Panalungtikan ilmiah téh mangrupa tarékah pikeun meunangkeun bebeneran hiji élmu pangaweruh.

Méthode panalungtikan nya éta métode studi anu dilakukeun panalungtik ngaliwatan panalungtikan anu sampurna kana hiji masalah, nepika meunangkeun bongbolongan atawa solusi anu saluyu jeung éta masalah. Hal ieu luyu jeung pamanggih Jujun S. Suriasumantri dina Sugiono (2012:9) nétélakeun yén :

“Panalungtikan dasar atawa murni nya éta panalungtikan anu miboga tujuan pikeun meunangkeun pangaweruh anyar anu can pernah ditalungtik, sedengkeun panalungtikan terapan atawa semu nya éta panalungtikan anu

miboga tujuan pikeun ngungkulan masalah-masalah anu aya dina kahirupan anu praktis”.

Nurutkeun Sugiono (2012:13) métode kuantitatif disebut ogé métode tradisional, sabab métode ieu geus lila nepika jadi tradisi salaku métode pikeun hiji panalungtikan. Métode ieu disebut métode kuantitatif sabab data panalungtikan mangrupa angka-angka jeung analisis ngagunakeun statistik.

Dina ieu panalungtikan di deskripsikeun opat kalimat anu patali jeung ieu panalungtikan:

- 1) Kamampuh maca siswa kelas VII C SMPN 29 Bandung taun ajaran 2012–2013 dina pangajaran maca dongéng saméméh jeung sabada ngagunakeun média komik;
- 2) Kamampuh maca siswa kelas VII C SMPN 29 Bandung dina pangajaran maca dongéng sabada ngagunakeun média komik;
- 3) Bedana kamampuh maca siswa dina prétés jeung postes dina pangajaran maca dongéng siswa kelas VII C SMPN 29 Bandung; jeung
- 4) Éfektivitas média komik dina ngaronjatkeun kamampuh maca dongéng siswa kelas VII C SMPN 29 Bandung.

Tujuanna nya éta pikeun ngira-ngira kaayaan anu bisa kahontal ngaliwatan eksperimén anu sabenerna, tapi teu aya pengontrolan atawa manipulasi data kana variabel anu relevan. Salian ti éta, ayana métode dina hiji panalungtikan nya éta pikeun ngajawab hipotesis anu geus dirumuskeun.

3.4 Wangenan Operasional

Wangenan operasional nya éta wangenan sacara umum ngeunaan variabel-variabel boh éta variabel bebas boh variabel kauger. Sangkan leuwih museur tur teu salah nafsirkeun dina ngalaksanakeun panalungtikan, baris dipedar istilah-istilah anu aya patalina jeung judul panalungtikan :

- 1) Éfektifitas média pangajaran nya éta pangaruh média pangaran (média komik) kana kamampuh maca dongéng, saméméh jeung sabada ngagunakeun média komik.

- 2) Média Komik nya éta hiji carita anu ngagunakeun gambar-gambar anu disusun pikeun ngawangun runtuyan hiji carita, biasana komik dicitak dina kertas anu lengkepan ku *ballon speak* sarta ditambahan ku kekecapan salaku panglengkep. Anu dimaksud média komik dina ieu panalungtikan nya éta carita “Sasakala Situ Bagendit” anu dijieun kana wangun komik, dipaké pikeun média pangajaran sangkan ngabantuan siswa dina ngaronjatkeun kamampuh maca dongéng.
- 3) Kamampuh Maca dongéng nya éta kamampuh siswa dina nyangking atawa maham kana eusi carita saméméh jeung sabada ngagunakeun media pangajaran, pikeun maham eusi carita aya opat unsur nya éta unsur tema, unsur galur, unsur palaku jeung unsur latar.

Jadi udagan dina panalungtikan ieu nya éta pikeun maluruh sa jauh mana signifikansi kasuksesan média komik dina ngaronjatkeun kamampuh maca dongéng keur siswa kelas VII C SMPN 29 Bandung.

3.5 Instrumén panalungtikan

Dina ieu panalungtikan panulis ngagunakeun tés salaku instrumén panalungtikanna. Instrumén dina kagiatan panalungtikan mangrupa bagian anu kacida pentingna, lantaran bisa mangaruhan kana data panalungtikan. Tes dilakukeun pikeun ngukur kamampuh maca dongéng siswa kelas VII C saméméh jeung sabada maham eusi materi dongéng, salila ngagunakeun média komik salaku média pangajaranna.

Tes dilakukeun pikeun ngumpulkeun data, nya éta pikeun ngukur kamampuh siswa dina maham eusi carita dongéng, dina ieu panalungtikan tes dilakukeun dua kali, nya éta saméméh ngagunakeun média komik atawa Prétést jeung tes anu kadua nya éta sabada ngagunakeun média komik atawa Postés.

Tes dina ieu panalungtikan ngagunakeun soal pilihan ganda, sangkan panalungtik bisa objéktif dina méré peunteun pangajén. Jumlah soalna aya lima

belas soal, sangkan leuwih jéntré, ieu di handap baris dipedar kisi-kisi soal prétés jeung postés.

Tabel 3.3
Kisi-Kisi Soal Prétés Jeung Postés

Standar Kompetensi	Materi	Indikator	No Soal
7.3 Mampuh maca pikeun maham sarta méré tanggapan kana bacaan mangrupa sejarah lokal atawa cerita babad, teks dialog, dongéng, carita pondok	7.3.3 Maca Dongéng	Bisa maham eusi dongéng sarta galur caritaanana	8,11,12,13
		Bisa maham kana peranan tokoh atawa palaku	4,6,
		Bisa nyebutkeun latar dina carita dongéng jeung segi-segi basa anu digunakeun dina éta dongéng.	7,9, 14,15
		Bisa maham kana téma jeung matéri dongéng	1, 2,3,5,10

(Dongéng anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta dongéng Sasakala Situ Bagendit)

3.6 Proses Mekarkeun Instrumen

Sakumaha nu geus dipedar diluhur, instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés, boh anu dilaksanakeun saméméh ngagunakeun média

komik (prétés), boh anu dilaksanakeunna sabada ngagunakeun média komik (postés).

Saméméh digunakeun éta tés kudu geus dipikanyaho validitasna. Kukituna instrumen ieu kudu di uji cobakeun heula ka siswa kelas VII SMPN 29 Bandung. Tina hasil uji coba ieu dipaké pikeun nangtukeun validitasna, jeung mikanyaho kualitas instrumén anu rék digunakeun.

Dina nangtukeun validitasna, data nu geus kakumpul diolah heula, léngkah-léngkana saperti dihandap :

- 1) Mariksa hasil tés, tuluy méré skor. Katangtuan bobot soal jeung jumlah skor bisa katitén tina tabel dihandap.

Tabel 3.5
Bobot Soal Jeung Skor Tés

No	Wangun Tes	f	BS	JS
1	Pilihan Ganda	15	1	15
	Jumlah	15		15

Keterangan :

f = Jumlah Soal

BS = Bobot Soal

JS = Jumlah Soal

Rumus anu digunakeun nya éta :

$$SK = \sum B - \frac{\sum s}{o-1}$$

Keterangan :

SK = skor

B = jumlah jawaban benar

S = jumlah jawaban salah

O = option

2) Nguji Validitas Tés

Pikeun nguji instrumén panalungtikan naha nyumponan standar kritéria atawa heunteu, perlu dilakukeun uji coba instrumén. Panalungtikan ngagunakeun rumus product moment, nya éta:

$$r_{xy} = \frac{N \sum XY - (\sum X)(\sum Y)}{\sqrt{\{N \sum x^2 - (\sum X)^2\} (N \sum y^2 - (\sum Y)^2)}}$$

r_{xy} = korelasi antara variabel X (prétés) jeung variabel Y (postés) dua variabel anu di korelasikeun (X- jeung Y-)

$\sum xy$ = jumlah kalian X jeung Y

x^2 = kuadrat tina X

y^2 = kuadrat tina Y

Tina hasil uji coba instrumén ka responden kapaluruh data kalayan ngagunakeun aplikasi SPSS (Statistical Passage For Science) nya éta instrumén anu digunakeun geus valid.

3) Nguji Reliabilitas tés

Uji reliabilitas aya pakuat-pakaitna kana masalah kapercayaan. Hiji tés miboga taraf kapercayaan anu luhur saupama bisa méré hasil anu ajeg atawa tetep. Rumus anu digunakeun dina nangtukeun reliabilitas téh nya éta:

$$S^2 = \frac{\sum x^2 - \left(\frac{\sum x}{n}\right)^2}{n}$$

Saenggeus diitung ngagunakeun aplikasi SPSS kapaluruh data:

Reliability Statistics

Cronbach's Alpha	N of Items
.653	5

0,000 – 0,199	Handap Pisan
0,200 – 0,399	Handap
0,400 – 0,599	Sedeng
0,600 – 0,799	Luhur
0,800 – 1,000	Luhur Pisan

Tina data anu katinggal diluhur, kapaluruh yén data anu digunakeun geus reliabel kalayan luhur.

$$t = \sqrt{\frac{my - mx}{\left(\frac{\sum x^2 + \sum y^2}{n_1 + n_2}\right) \frac{1}{n_1 - n_2 - 2}}}$$

3.7 Tehnik Ngumpulkeun Data

Pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan digunakeun tehnik tés. Aya dua kali tés nya éta pré-tés jeung post-tés. Ari prak-rakanna ngumpulkeun data dilaksanakeun make léngkah-léngkah di handap:

- 1) Asup ka kelas, tuluy ngalakukeun pré-tés;
- 2) Ngajarkeun dongéng ngagunakeun média komik;
- 3) Ngalakukeun post-tés.

3.8 Tehnik Ngolah data

Saenggeus data kakumpulkeun tuluy data diolah pikeun mikanyaho jawaban tina pasualan-pasualan anu aya dina ieu panalungtikan. Data anu diolah nya éta hasil tina pré-tés jeung post-tés.

3.8.1 Analisis Hasil Tes

- 1) Mariksa hasil tés *pretes* jeung *postest*, dituluykeun ku méré skor. Anu tujuanana pikeun mikanyaho rata-rata peunteun siswa, pikeun mikanyaho normalitas data ngaliwatan uji normalitas, sedengkeun pikeun mikanyaho homogen henteuna varians sampel kudu ngaliwatan uji homogenitas;
- 2) Ngadeskripsikeun hasil tes dina wangun tabel peunteun anu nyoko kana kriteria anu geus ditangtukeun;
- 3) Pikeun meunteun hasil maca siswa digunakeun pedoman meunteun dimana skor maksimal nya eta 15 soal;
- 4) Méré Peunteun, pikeun meunteun hasil hasil tés *pretes* jeung *postest* siswa ngagunakeun pedoman meunteun dimana skor maksimal nya eta 15, skor anu kahontal ku siswa dirobah kalawan ngagunakeun rumus:

$$n = \frac{\text{skor kahontal} \times 100\%}{\text{skor maksimal}}$$

keterangan: persentase > 73% siswa dianggap mampu maham dongéng;
 persentase < 73% siswa dianggap acan mampu maham dongéng.

3.8.2 Uji Sipat Data

Dina uji sipat data ngawengku uji normalitas jeung uji homogenitas. Dina ieu panalungtikan uji normalitas pikeun nangtukeun distribusi data, normal atawa henteuna éta data. Anu kadua uji homogenitas variansi anu tujuanna pikeun nangtukeun homogenitas nilai siswa.

3.8.2.1 Uji Normalitas

Uji normalitas miboga tujuan pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa miboga distribusi anu normal, pikeun nangtukeun data téh miboga sipat anu normal atawa henteu bisa ngagunakeun rumus chi kuadrat (X^2)

Dina nguji normalitas peunteun aya sababaraha langkah anu kudu dilaksanakeun pikeun mikanyaho yén data téh mibanda sipat normal atawa henteuna, diantarana :

- 1) Nyieun Tabel Frekuensi peunteun :

Tabel 3.7
Frekuensi Peunteun

No	Skor (X)	f	f.x	f. x ²
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)

2) Ngitung rata-rata (mean) peunteun prétés.

$$X = \frac{\sum f \cdot x}{N}$$

Keterangan :

X = rata-rata (mean)

f = frékuensi

N = lobana data

3) Ngitung Standar Deviasi.

$$SD = \sqrt{\frac{N \sum (f \cdot x^2) - (\sum f \cdot x)^2}{N(N-1)}}$$

4) Nyieun Tabel Frekuensi Observasi jeung Frekuensi Ékspektasi.

Tabel 3.8

Frekuensi Observasi jeung Frekuensi Ékspektasi

Kelas Interval	O_i	B_k	Z	Z (tabel)	L	E_i	X²

Ristian Nurhidayanti, 2013

Éfektivitas Média Komik Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Maca Dongéng Siswa Kelas VII C SMPN 29 Bandung Taun Ajaran 2012-2013

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

a. Nangtukeun jumlah kelas

$$k = 1 + 3,3 \log n$$

b. Ngitung rentang (r)

$$r = \text{skor panggeudena} - \text{skor pangleutikna}$$

c. Ngitung panjang kelas (p)

$$P = \frac{r}{k}$$

d. Ngitung nilai tengah antara interval handap jeung luhur (bk).

e. Ngitung Z

$$Z = \frac{(bk - X)}{SD}$$

f. Nangtukeun legana kelas interval (L)

$$L = Z_s - Z_{tabel}$$

g. Ngitung frekuensi obsevasi (o_i)

h. Ngitung frekuensi ekspektasi (E_i)

$$E_i = n \times L$$

i. Nangtukeun Chi Kuadrat

$$X^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

5) Nangtukeun Derajat Kebebasan (db).

$$Db = k - 3$$

6) Nangtukeun Chi Kuadrat tina daftar.

7) Nangtukeun Normalitas.

1. χ^2 itung $< \chi^2$ tabel, hartina distribusi normal ;

2. χ^2 itung $> \chi^2$ tabel, hartina distribusi teu normal.

Nangtukeun χ^2 tabel kalawan tingkat kepercayaan 99%.

3.8.2.2 Uji Homogenitas

Uji Homogenitas dilakukeun pikeun mikanyaho homogen henteuna sampel tina populasi anu sarua. Pikeun nangtukeun uji homogenitas, léngkah – léngkahna na saperti dihandap :

1) Nangtukeun skor variabel x masing-masing kelompok prétes jeung postés

a. Variabel x prétes

$$\sum fx^2 = \dots\dots\dots$$

$$\sum (fx^2) = \dots\dots\dots$$

b. Variabel x postés

$$\sum fx^2 = \dots\dots\dots$$

$$\sum (fx^2) = \dots\dots\dots$$

2) Ngitung variasi masing kelompok

a. Variasi prétés (S_1^2)

$$S_1^2 = \frac{n \sum f \cdot x^2 - (\sum f \cdot x)^2}{n(n-1)}$$

b. Variasi postés (S_2^2)

$$S_2^2 = \frac{n \sum f \cdot x^2 - (\sum f \cdot x)^2}{n(n-1)}$$

3) Ngitung harga variasi (f)

$$F = \frac{S^2 b}{S^2 k}$$

4) Ngitung darajat kabebasan (db)

$$Db = n - 1$$

5) Nangtukeun F tabel

Nilai F tabel kalayan ngagunakeun tabel taraf kapercayaan 99%, db 30 mangka kapanggih nilai f nya éta 2,46

6) Pikeun nangtukeun homogen atawa teu homogen ngagunakeun rumus saperti dihandap :

- 1) $F_{itung} < F_{tabel}$, hartina variasi sampel homogén.
- 2) $F_{itung} > F_{tabel}$, hartina variasi sampel teu homogén.

3.9 Uji Gain jeung Uji Hipotesis

3.9.1 Uji Gain

Uji gain dilakukeun pikeun mikanyaho bedana rata-rata jeung hasil prétes jeung hasil postés. Tina hasil uji gain ieu bisa menangkeun gambaran ngeunaan pangaruh média komik dina ngaronjatkeun kaparigelan maca dongéng pikeun kelas VII C SMPN 29 Bandung taun ajaran 2012/2013. Pikeun nangtukeun uji gain léngkah-léngkahna saperti dihandap:

Tabel 3.9

Uji Gain (d) Tingkat Kaparigelan Maca Dongéng

No	Peunteun Tes Awal	Peunteun Tes Ahir	Σ	d	d^2

3.9.2 Uji Hipotesis

Pikeun nangtukeun uji hipotesis digunakeun léngkah-léngkah:

- 1) Nyieun tabèl uji jumlah rata-rata pretès jeung postès

Tabel 3.10
Tabèl Uji Jumlah Rata-Rata Pretès Jeung Postès

No	Pretès	Postès	d	d ²	Xd (d-Md)

- 2) Nangtukeun (mean) tina hasil pretès jeung postès ngagunakeun rumus

$$Md = \frac{\sum d}{n}$$

- 3) Ngitung darajat kabebasan (db)

$$Db = n - 1$$

4) Ngitung t

$$t = \frac{Md}{\frac{\sqrt{\sum x^2 d}}{n(n-1)}}$$

Ditarima henteu hipotesisna ngagunakeun kriteria di handap.

- a) Lamun $t_{itung} > t_{tabel}$, hartina hipotesis ditarima, yén média komik téh éfektif dina ngaronjatkeun kaparigelan maca dongéng kelas VII C SMPN 29 Bandung.
- b) Lamun $t_{itung} < t_{tabel}$, hartina hipotesis teu ditarima, yén média komik téh teu éfektif dina ngaronjatkeun kaparigelan maca dongéng kelas VII C SMPN 29 Bandung.